

**** Tanpri, pataje sa ak yon moun ki ta entèrese nan sa!**

NBA XPLOR

NBA XPLOR se yon mouvman pwofetik pa jèn adilt epi pou jèn adilt k'ap disène yon lavi de sèvis. Staj sa bay jèn yo 10 mwa pou yo devlope pwofesyonèlman epi pou yo disène kèk opòtinite vokasyon. Staj sa se pou jèn 21 an jiska 30 an ki ta vle aprann kouman pou viv senpleman nan yon kominote epi angaje dirèkteman ak sèvis avèk lajistis. Pa mwayen pwogram NBA XPLOR sa, nou mete jèn stajyè sa yo ansanm ak kongregasyon Disip Kris, ministè rejyon avèk ministè jeneral, avèk kominote ki antoure yo. Tout sa angaje vwazinaj yo, kongregasyon yo, epi jèn adilt yo positifman.

KAT BI SANTRAL NBA XPLOR YO

Engajman nan kominote a avèk travay lajistis

* Èske ou konn ap panse kijan ou ka fè yon chanjman positif nan mond lan?
Konekte lavi espiyèl ou a ansanm ak travay lajistis de jou an jou.

Kwasans espiyèl avèk disèneman vokasyonèl

* Kisa Bondye ansanm ak kè ou ap rele ou pou fè?
Di "wi" bay nouvo fason pou viv nan rèv Bondye genyen pou lavi ou.

Devlopman nan lidèchip

* Kisa ou bezwen konnen pou fè sa ou bezwen fè?
Deklare epi ogmante sou don ou yo pou lidèchip pesonèl, espiyèl, ak profesyonèl.

Yon lavi senp nan yon kominote entansyonèl

* Kijan mwen ka viv ak sa mwen bezwen sèlman, pa tout sa mwen vle?
* Kijan viv nan yon kominote enfluyans repons mwen yo avèk pratik mwen yo?
Fè eksperyans pataje resous avèk pran desizyon nan yon kay kominote baze sou lafwa.

NBA XPLOR dedike pou yo kenbe yon fondasyon de antirasis avèk travay kont opresyon. Bi XPLOR yo ede stajyè yo avèk moun k'ap akeyi yo pou yo anbrase pratik ki enkliye tout moun epi ki selebre divèsite.

KESYON MOUN KONN SOUVAN MANDE

1. Kisa ki NBA XPLOR?

NBA XPLOR se yon staj kretyen, ki base sou lafwa, padan 10 mwa pou adilt ki gen 21 an jiska 30 an k'ap disène yon lavi de swen avèk sèvis. Stajyè yo akeyi pa kèk kongregasyon. Staj sa komanse mitan mwa Out rive mitan mwa Jen chak ane.

2. Kisa yon staj NBA XPLOR genyen ladan li?

Stajyè yo viv nan yon sèl kay avèk yon kominote divès kote yo pral fè pati kèk pratik espiyèl ki kominal epi ki pesonèl. Sa yo ka enkliye lapriyè oubyen manje ansanm. Yo pran swen lot moun epi yo aprann nan men yo tou pa mwayen kolaborasyon ak òganizasyon nan zòn nan epi kolaborasyon kongregasyon ki akeyi yo a. Stil de vi kominal sa pa komen nan kilti ameriken an, men li ede stajyè yo egzaminen epi pratike valè yo fidèlman epi entansyonèlman.

3. Kijan yon semèn regilye sanble nan staj sa?

Yon semèn mete tan apa pou tout aspè eksperyans lan: 30 è de tan pa semèn pou aprantisaj avèk travay nan yon sit de angajman kominote (yon òganizasyon nan kominote a); yon jou repo chak semèn pou refleksyon espirityèl pesonèl epi kolektif, ansanm avèk yon konseyè espirityèl; tan lib pou swen pesonèl (pou fè mache, lesiv, amizman, repo); epi 6 è de tan pa semèn ap sevi epi adore nan kongregasyon lokal lan.

4. Èske mwen dwe yon manm legliz Disip Kris la pou mwen aplike?

Non, men manm Disip Kris yo kapab konprann epi fè eksperyans NBA XPLOR a nan kèk fason espesyal. Pwogram sa kapab prefere kandida ki fè pati legliz Disip Kris la men kritè ki pi enpòtan an se pou jèn adilt lan gen kiryozi pou kouman epi kikote Bondye ap rele li - epi fòk yo prè pou yo eksplòre apèl sa nan yon kontèks Disip Kris.

5. E si yon stajyè poko fin klase relijyon li oubyen espirityalite li?

NBA XPLOR fèt entansyonèlman pou ede stajyè yo angaje nan “disènman” - ki yon pwosesis kote yo va entansyonèlman mande kijan epi kikote Bondye kapab rele yo nan lavi pesonèl, pwofesyonèl, espirityèl, avèk relasyonèl yo. Nou pa asime ke stajyè yo genyen tout repons pou tout “gwo kesyon” yo. Okontrè, klase pozisyon ou nan zafè relijyon, teyoloji, avèk espirityalite se yon pwosesis ki ka dire tout lavi yon moun. Pwogram sa ede stajyè yo reyalize tout sa, ame yo, epi afèmi yo nan chemen sa.

6. Kiyès ki ta fè yon bon stajyè?

Stajyè NBA XPLOR yo se jèn adilt ki ta vle fè lavi yo fè yon diferans nan mond lan men ki poko fin konnen ki pa pou yo pran. Yo te kapab te nan militè a epi yo ta vle eksplòre lòt fason pou sèvi. Yo te kapab apèn jwenn degre kolèj yo, men edikasyon nan yon sal klas pa’t ase pou eklèsi chemen vokasyon yo a. Yo ka santi yon apèl pou yon kalite ministè, men yo poko santi yo prè pou yo al nan seminè oubyen al chèche yon degre nan travay sosyal. Yo te kapab te komanse travay kou yo te fin avèk lekòl segondè epi kounya yo vle yon nouvo opòtinite ki pemèt yo reyèlman konsidere kijan yo ta vle angaje avèk mond lan. NBA XPLOR ofri yon chemen mitan pou yo ka reflechi, disène, epi deside sa ki pral vini.

7. Konbyen li koute pou devni yon stajyè?

Pri pwogram sa senpleman se yon angajman sensè pou chèche konnen kote Bondye ap rele, men stajyè yo pa peye okenn lajan. Kay yo fèt pou stajyè yo aprann viv modès ak yon kantite lajan pwogram nan ap bay yo chak mwa. Kongregasyon an ap peye pou depans kouran, dlo, avèk kay la.

8. Èske ou ka pale sou asirans sante avèk pre elèv (student loans) padan stajyè a nan NBA XPLOR?

Stajyè yo ki pa kouvri anba yon plan asirans sante deja kapab fè pati yon plan kominal pa mwayen yon òganizasyon ki rele Catholic Volunteer Network. Nan ka pre elèv la, NBA ofri konsèy sou kijan yon stajyè kapab mande pou yo ranvwaye peman pre elèv lan. Nou pa garanti ke yo va ranvwaye peman yo, men pwogram tankou NBA XPLOR konn reyisi nan ede stajyè yo ak zafè konsa.

**** Tanpri, pataje sa ak yon moun ki ta entèrese nan sa!**



9. Èske mwen kapab travay yon djòb extra oubyen anwole nan klas kolèj padan mwen nan NBA XPLOR?

Eksperyans XPLOR lan mande yon gran angajman nan etablisman relasyon ak lòt moun epi yon envèstisman nan kwasans avèk eksplorasyon ki fèt padan 10 mwa sa yo. Nenpòt kijan, yon stajyè kapab enwole nan 2 klas kolèj maksimòm. Nou pa pèmèt stajyè yo travay lòt djòb.

10. Kijan pwosesis aplikasyon NBA XPLOR lan ye?

Si ou entèrese nan NBA XPLOR, tanpri voye aplikasyon enterè ou a sou entènèt. Nou va kontakte ou. Aplikasyon ofisyèl la konn disponib sou sit wèb nou a chak mwa Novanm epi li fèmen nan mwa Fevriye a.

NBA XPLOR enrasine pwonfondman nan misyon Asosyasyon Benevòl Nasyonal lan (NBA): *Pou suiv apèl Bondye a, Asosyasyon Benevòl Nasyonal lan egziste pou enspire epi konekte moun ansanm ak ministè Legliz Kretyen an (Legliz Disip Kris la), pou akonpanye youn ak lòt nan kreye kominote plen ak kompasyon ak swen, epi pou defann byennèt imanite a.*

Nou deklare misyon nou an pa mwayen yon koneksyon pwofon avèk deklarasyon idantite **Legliz Kretyen an (Legliz Disip Kris la)**: *Nou se Disip Kris, yon mouvman pou totalite nan yon mond ki fragmante. Kòm pati kò Kris la ki se yon sèl kò, nou di byenveni bay tout moun pou yo vin chita bò tab Senyè a menm jan Bondye envite nou menm tou.*

Èske ou entèrese aprann plis sou NBA XPLOR? Èske ou se yon jèn adilt ki gen enterè aplike? Èske ou fè pati yon kominote legliz ki ta vle patisipe? Kontakte nou!

Rev. Bonnie Osei-Frimpong, Direktè NBA XPLOR a
boseifrimpong@nbacares.org oubyen (314) 993-9000 ekstansyon 3368